

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Tina hasil panalungtikan jeung hasil *expert judgement* nu dilaksanakeun, aya sababaraha kacindekan nu kapanggih, diébréhkeun ieu di handap:

- 1) Perangkat nu kudu aya dina modél pangajaran *e-learning*

Perangkat pembelajaran nu kudu disiapkeun nya éta bahan ajar (kaasup bahan uji), alat bantu pangajaran, média pangajaran, pituduh jeung pedoman pangajaran.

- 2) Hal-hal nu kudu disiapkeun dina nyusun perangkat pembelajaran modél *e-learning* wanda *web centric course*.

Hal nu kudu disiapkeun diantarana nya éta bahan ajar, media jeung alat bantu pangajaran. Bahan ajar nu dipaké nya éta artikel pedaran ngeunaan tradisi nyeupah, sedengkeun bahan ujina mangrupa soal kuis jeung pancén kelompok. Média ajar nu dipaké nya éta média gambar. Alat bantu pangajaran nu disiapkeun nya éta komputer jeung konéksi internét.

Sabada dilakuan validasi *expert judgement* bahan ajar digénti lantaran teu saluyu jeung Silabus. Dina silabus bahan ajar kuduna nyoko kana tema kasenian tradisional atawa upacara adat. Ku lantaran éta, bahan ajar jeung bahan uji digenti eusina ngeunaan kasenian tradisional nu tujulna “Kasenian Lodaya Winduraja”.

- 3) Prak-prakan pangajaran modél *e-learning* wanda *web centric course*

Prak-prakan pangajaran, dimimitian ku guru méré arahan jeung pituduh nu lengkep supaya siswa bisa maké *website* sacara éfisién. Tuluyna guru meré rangkén *username* jeung *password* ka siswa, supaya siswa bisa ngamimitian pangajaran dina *website*. Di akhir pangajaran dina *website*, guru tuluy nyimpen nilai siswa nu aya dina sistem *database website* pikeun dikokolakeun. Sabada dilakukeun validasi, tampilan *website* ngalaman parobahan jadi leuwih ngirut.

Sacara umum *website* ieu téh bisa tur cocog dipaké dina pangajaran basa Sunda. Tapi kudu aya sababaraha hal nu kudu diropéa utamana dina widang tampilan *website* nu masih kénéh basajan.

5.2 Saran

Dumasar kana kacindekan, aya sababaraha saran pikeun lajuning laku ieu panalungtikan. dipiharep ieu hasil panalungtikan téh bisa ngeuyeuban modél-modél pangajaran basa Sunda di sakola. Sangkan ieu hasil panalungtikan bisa dimangpaatkeun, aya sababaraha saran nu ditujukeun ka: 1) Guru; 2) Siswa; 3) Mahasiswa; jeung 4) Satuan pendidikan.

1) Guru

Guru dipiharep mampuh nyusun jeung ngembangkeun wangun pangajaran dina modél *e-learning* pikeun jadi hiji lolongkrang ngembangkeun kualitas pangajaran nu miboga asas kontinuitas.

2) Siswa

Siswa dipiharep bisa ngamangpaatkeun wangun diajar maké *website* sangkan nambahan kaparigelan dina nyangkem kamampuh maké téknologi.

3) Mahasiswa

Ieu panalungtikan munggaran nu ngahasilkeun *website* minangka produk *e-learning*. Dipiharep mahasiswa baris ngalakukeun panalungtikan séjénna anu utamana medar ngeunaan éféktifitas jeung patali digunakeunna *website* jeung hasil diajar siswa

4) Satuan Pendidikan

Dipiharep tiap satuan pendidikan bisa ngembangkeun modél pangajaran *e-learning* saperti dina ieu panalungtikan. Modél *e-learning* dikembangkeun minangka bagéan tina sistem pangajaran anu bisa ngabantuan kahontalna tujuan pangajaran.